

Kondisyon medikal pou retounen lekòl



Dat ki nan lis anba a se pou Lekòl Piblik Konte Accomack (ACPS) ak Northampton (NCPS)



Elèv Pre-K & Kindergarten – Otòn 2026

Yon egzamen fizik aktyèl obligatwa pou antre lekòl anvan: 24/08/26 (NCPS) 08/09/26 (ACPS). Si dènye egzamen pitit ou a te fèt anvan 24/08/25 (NCPS) oswa 08/09/25 (ACPS), tanpri pran yon nouvo randevou. Elèv kindergarten yo dwe ajou ak vaksen obligatwa yo, tankou: DTaP, Ep A, Ep B, MMR, Varisèl, ak Polyo.



ELÈV K AP ANTRE NAN 7YÈM ANE

Pou respektè règ lekòl la, elèv yo dwe genyen: Ranfòsman vaksen Tdap, 1ye dòz vaksen MenACWY (ranfòsman an obligatwa pou antre lekòl), 1ye dòz vaksen HPV* Si pitit ou a te fè yon vizit sante oswa egzamen fizik nan 12 dènye mwa yo, men randevou anyèl li a pwogramme apre 23/08/26 (NCPS) oswa 07/09/26 (ACPS), tanpri rele sant sante a epi mande pou yo voye yon mesaj bay doktè prensipal (PCP) pitit ou a pou òganize vaksen obligatwa yo.s.

**Vaksen HPV la pa obligatwa. Se paran yo ki deside. Elèv yo ka ale lekòl san vaksen HPV la. Tanpri pale ak founisè swen sante pitit ou a si ou gen kesyon.*



ELÈV K AP ANTRE NAN 12YÈM ANE

Elèv k ap antre nan 12yèm ane dwe genyen ranfòsman vaksen MenACWY pou yo ka ale lekòl. Si pitit ou a te fè yon egzamen fizik oswa vizit sante nan 12 dènye mwa yo, men randevou anyèl li a pwogramme apre 23/08/26 (NCPS) oswa 07/09/26 (ACPS), tanpri rele sant sante a epi mande pou yo voye yon mesaj bay PCP pitit ou a pou òganize vaksen obligatwa yo.



STUDENT ATHLETES

- Fòm egzamen fizik espòtif VHSL la valab pou 14 mwa. Si pitit ou a te fè yon egzamen fizik nan 14 dènye mwa yo, nou pral ranpli fòm VHSL la gratis. **Tanpri depoze seksyon paran yo ranpli nan sant ki pi prè w pou evite reta.**
- Si li gen plis pase 14 mwa, yo bezwen yon nouvo egzamen fizik. Yo pral voye bòdwo bay asirans medikal si li kouvri; sinon, pri a se \$20.
- Lekòl la dwe genyen yon fòm VHSL aktyèl (nan 14 mwa yo) anrejistre anvan elèv yo ka patisipe nan antrènman oswa evalyasyon pou ane lekòl 2026–27. Kesyon? Rele sant kote pitit ou a resevwa swen. Fòm egzamen fizik espòtif VHSL la disponib sou esrh.org anba Resources → Downloadable Documents.

Kijan Pou Ranpli epi Soumèt Dokiman Pou Lekòl Pitit Ou

Soumèt dokiman yo nan biwo resepsyon lekòl la — pandan ete a lekòl yo ouvri soti Lendi rive Jedi — oswa pandan **Open House** lekòl la. **Paran yo dwe ranpli paj 1, 2, 4 & 5.** Rural Health ap ranpli paj 3 ak 6. Soumèt fòm yo bay lekòl la avan dat limit lekòl la.

Open House ACPS

Jedi 3 Septanm
11 AM – 1 PM
4 PM – 7 PM

Open House NCPS

Jedi 20 Dawout
2 PM – 6 PM

Randevou Disponib!

IKi gen ladan aswè nan Sant Atlantic (Lendi) ak Sant Eastville (Madi). Rele pou pran randevou.

Atlantic - (757) 824-5676
Chincoteague - (757) 336-3682
Eastville - (757) 331-1086
Onley - (757) 787-7374